RARAKATAN SHOLAT



KHUSUS JANG BUDAK LEUTIK

(wios nu tos sepuh oge)

اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلٰى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلٰى اٰلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ

RARAKATAN SHOLAT

KHUSUS JANG BUDAK LEUTIK
(WIOS NU TOS SEPUH OGE)

Disusun ku : IQ

FOTOKOPIANEUN

RARAKATAN SHOLAT

KHUSUS JANG BUDAK LEUTIK
(WIOS NU TOS SEPUH OGE)

Disusun ku :
IQ

Cetakan kadua	: 17-Agustus-2001 M. / 27-Jumadil Ula-1422 H.
Editor	: Kang Aa
Perancang Sampul	: IQ
Illustrator	: Ujang Komputer
Setting/Layout	: Microsoft Word 97
Sumber Sampul	: Independent

Leunyeupan :

مَنْ يُرِدِ اللّٰهُ بِهِ خَيْرًا يُفَقِّهْهُ فِى الدِّيْنِ

"Saha jalma anu dikersakeun ku Alloh menang kasaean, bakal dipinterkeun dina masalah Agama"
(H. R. Bukhori Muslim, ti Muawiyah R. A.)

Sambutan ti
Sesepuh Majlis Ta'lim Ar-Rizqi Cipasung

Assalaamu'alaikum Warohmatullohi Wabarokaatuhu

Alhamdulillah wasyukurillah Sim kuring atas nami Sesepuh Majlis Ta'lim Ar-Rizqi nganuhunkeun sareng ngiring bingah kana diterbitkeunna buku *"Rarakatan Sholat"* cetakan anu kadua karangan M. Rizqi. R.

Anu mudah-mudahan ku diterbitkeunna buku cetakan anu kadua ieu, sing janten manfaat khususna kanggo anu nyusun ieu buku, umumna kanggo murangkalih sinareng Sepuh, oge kanggo Muslimin sareng Muslimat sadayana.

Wassalaamu'alaikum Warohmatulloohi Wabarokaatuhu

Sesepuh
Majlis Ta'lim Ar-Rizqi
Cipasung



KH. UBAIDILLAH R.

بسم الله الرحمن الرحيم

إلى حضرة النبي المصطفى رسول الله صلى الله عليه وسلم وعلى أزواجه وذريته ولجميع الأصحابه الكرام شيء لله لهم الفاتحة...

وإلى حضرة أيه روحية وعلى آله وتلاميذه غفر الله ذنوبهم وخطاياهم ونفعنا بعلومهم الفاتحة...

الحمد لله رب العالمين حمدا يوافي نعمه ويكافئ مزيده يا ربنا لك الحمد كما ينبغي لجلال وجهك الكريم وعظيم سلطانك رب زدني علما وارزقني فهما * اللهم افتح لنا من أبواب العلم ويسر لنا من أبواب العلم ولا تعسر لنا من أبواب العلم علما وفهما وعقلا ويقينا برحمتك يا أرحم الراحمين * اللهم نور قلوبنا بنور هدايتك كما نورت الأرض بنور شمسك أبدا أبدا برحمتك يا أرحم الراحمين * اللهم إنا نسألك فهم النبيين وحفظ المرسلين وإلهام الملائكة المقربين رب اشرح لي صدري ويسر لي أمري واحلل عقدة من لساني يفقهوا قولي * اللهم افتح علينا حكمتك وانشر علينا من خزائن رحمتك يا أرحم الراحمين * اللهم إنا نسألك علما نافعا ورزقا طيبا وعملا متقبلا وشفاء من كل داء وسقم * اللهم اجعل لي نورا ونورا في قلبي ونورا في قبري ونورا في سمعي ونورا في بصري ونورا في شعري ونورا في بشري ونورا في لحمي ونورا في دمي ونورا في عظامي ونورا من بين يدي ونورا من خلفي ونورا عن يميني ونورا عن شمالي ونورا عن فوقي ونورا من تحتي * اللهم زدني نورا وأعطني نورا واجعل لي نورا واجعلني نورا * الفاتحة...

سبحانك لا علم لنا إلا ما علمتنا إنك أنت العليم الحكيم... ٧×

رضيت بالله ربا وبالإسلام دينا وبمحمد نبيا ورسولا

اللهم صل صلاة كاملة وسلم سلاما تاما على سيدنا محمد الذي تنحل به العقد وتنفرج به الكرب وتقضى به الحوائج وتنال به الرغائب وحسن الخواتم ويستسقى الغمام بوجهه الكريم وعلى آله وصحبه في كل لمحة ونفس بعدد كل معلوم لك... ١١×

PARABOTAN WUDLU SARENG TAYAMUM

Syarat Wudlu :

1) Islam.
2) Tamyid (Hideng / tiasa ngabedakan mana anu sae sareng mana anu awon).
3) Suci tina haid anu sareng nifas.
4) Suci tina perkara anu matak ngahalangan nepina cai kana kulit.
5) Teu kabuktosan dina anggota wudlu aya perkara anu matak ngarobah kana cai.
6) Terang kana kafardhuan wudlu.
7) Teu nekadkeun fardhu tina kafarduan wudlu jadi sunat.
8) Caina suci tur nyucikeun.
9) Manjing waktu.
10) Tuluy-tuluy (wudluna) pikeun jalmi anu langgeng hadats.

Fardhu Wudlu :

1) Niat Wudlu nalika ngabasuh raray.
2) Ngabasuh raray.
3) Ngabasuh dua panangan sarta dua sikuna.
4) Ngusap hiji perkara dina mastaka.
5) Ngabasuh dua sampeyan sarta dua mumuncanganna.
6) Tartib (ngaheulakeun anu tiheula maneurikeun anu ti paneuri)

Pabatalan Wudlu :

1) Kaluar hiji
2) Leungit akal kusabab sare atawa salianti sare, iwal sarena bari diuk anu neuteupkeun tempatna tina bumi / taneuh.
3) Pateupung dua kulit Pameugeut jeung Istri anu tos arageung duanana, deungeun-deungeun (sanes muhrim) kalâwan teu aya hahalang.
4) Nyabak qubul anak Adam atawa kerod salawe (liang anu aya dina bujur) ku dampal panangan atawa ku dampal ramo.

➢ Saha jalma anu batal wudluna teu kenging Sholat, Thowaf, nyabak Qur'an, nyandak Qur'an.

Pasunatan Wudlu :

1) Maca bismilah.
2) Nyiwak (ngosok waos).
3) Ngumbah dampal pangan dua.
4) Kekemu.
5) Nyingreup cai.
6) Ngosok-ngosok anggota wudlu.
7) Ngusap sakabeh mastaka.
8) Ngusap cepil dua saba'da ngusap rambut.
9) Nilu-nilu dina ngumbahna/ngusapna.
10) Ngaheulakeun anu teungeun (katuhu) kibatan anu kiwa (kenca).
11) Tuluy-tuluy.
12) Maca du'a.

Sabab-sabab Tayamum :

1) Teu aya cai (atawa nalika tiris anu banget pisan).
2) Teu damang anu matak nambih parah upami wudlu.
3) Butuh cai kanggo hausna hayawan anu dimulyakeun ku syara'.

- Hayawan anu teu dimulyakeun ku Syara' nyaeta : jalma nu sok ninggalkeun sholat, nu zinah muhšon, jalimi murtad, kafir anu ngamusuh, anjing galak, babi (bagong).

Syarat-syarat Tayamum :

1) Kabuktosan tayamumna ku taneuh.
2) Taneuhna suci.
3) Ulah kabuktosan taneuhna tilas (tos dianggo tayamum).
4) Ulah kacampuran ku tipung jeung sabangsana tipung.
5) Ngamaksud bade tayamum.
6) Ngusap raray sareng panangan duanana 2 kali usapan.
7) Ngaleungitkeun najis heula.
8) Kedah madep ka *Kiblat* sateu acan tayamum.
9) Kedah kabuktosan tayamumna tos manjing waktu (lebet waktu Sholat).
10) Tayamum pikeun tiap-tiap Sholat fardhu.

Fardhu Tayamum :

1) Minahkeun taneuh (tina tempatna kana anggota tayamum).
2) Niat tayamum.
3) Ngusap raray.
4) Ngusap panangan dua sarta siku duanana.
5) Tartib antara dua sapuan.

Pabatalan Tayamum :

1) Sakabeh anu matak ngabatalkeun kana wudlu.
2) Murtad.
3) Nyangka aya cai (lamun tayamumna kusabab teu aya cai).

PRAKTEKNA

a) Pas bade lebet ka jamban kedah sampeyan kenca heula teras sampeyan katuhu bari ngucapkeun :

اَللّٰهُمَّ إِنِّي أَعُوْذُبِكَ مِنَ الْخُبُثِ وَالْخَبَائِثِ

" Ya Alloh saenya-enyana abdi nyalindung ka Gusti tina pirang-pirang Jin lalaki & Jin Awewe".

b) Maca basmalah sateuacan ngawitan

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

" Ngawitan abdi kalawan nyebat jenengan Alloh anu Maha Welas tur anu Maha Asih ".

c) Sateuacan wudlu disunatkeun ngosok waos (nyiwak), ieu niatna :

نَوَيْتُ السِّوَاكَ لِلّٰهِ تَعَالَى

" Niat abdi nyiwak (ngosok waos) karena Alloh Ta'ala".

d) Ngumbah dampal panangan 2 dugikeun ka pigeulangan, bari maca du'a ieu (oge diucapkeun pas ninggali cai) :

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِي جَعَلَ الْمَاءَ طَهُوْرًا

" Sagala puji kagungan Alloh anu tos ngajadikeun cai jadi suci".

e) Nyingreup cai 3x bari maca du'a :

اَللّٰهُمَّ أَرِحْنِي رَائِحَةَ الْجَنَّةِ

" Ya Alloh mugi diangseukeun ka abdi angseuna (seungitna) Sawarga ".

f) Keukeumu 3x bari maca du'a :

اَللّٰهُمَّ أَعِنِّي عَلَى ذِكْرِكَ وَحُسْنِ عِبَادَتِكَ

"Ya Alloh mugi pang elingkeun abdi kana eling ka Gusti, jeung mugi pang saekeun abdi dina Ibadah ka Gusti "



g) Niat wudlu nalika ngumbah raray :

نَوَيْتُ الْوُضُوْءَ لِرَفْعِ الْحَدَثِ الْأَصْغَرِ فَرْضًا لِلّٰهِ تَعَالَى


" Niat abdi wudlu ngilangkeun hadats alit fardu karana alloh Ta'ala ".

➢ Niat dibaca pas cai tepi kana raray, ngumbah rarayna 3x. Ieu du'a ngumbah raray :

اَللّٰهُمَّ بَيِّضْ وَجْهِي يَوْمَ تَبْيَضُّ وُجُوْهٌ وَتَسْوَدُّ وُجُوْهٌ

" Ya Alloh mugi ngabodaskeun raray abdi dina dintenan dibodaskeunna perang-pirang wajah, sareng dihideungkeunna pirang-pirang wajah ".

➢ Batas wajah nyaeta : Diluhur nyaeta tempat jadina rambut, dihandap nyaeta gado, digigir nyaeta jejendil ceuli dua.



h) Ngumbah panangan dua sarta siku duanana 3x disunatkeun dileuwihannepikeun kana pangkal leungeun. Ieu du'a ngumbah panangan 2 :

❖ Du'a ngumbah panangan katuhu :

اَللّٰهُمَّ أَعْطِنِي كِتَابِي بِيَمِيْنِي وَحَاسِبْنِي حِسَابًا يَسِيْرًا

" Ya Aloh mugi maparin ka abdi kana kitab abdi ku pangan katuhu abdi, saren mugi Gusti ngahisab abdi ku hisaban anu gampang (babari) ".

❖ Du'a ngumbah panangan kenca :

اَللّٰهُمَّ لَا تُعْطِنِي كِتَابِي بِشِمَالِي وَلَا مِنْ وَرَاءِ ظَهْرِي

"Ya Alloh mugi ulah maparin ka abdi kitab abdi kupanangan kenca abdi, sareng ulah kana tonggong abdi".

i) Ngusap saetik tina rambut 3x (paling saalit 3 lambar), disunatkeun ngumbah sadayana. Ieu du'ana :

اَللّٰهُمَّ حَرِّمْ شَعْرِي وَبَشَرِي عَلَى النَّارِ

"Ya Alloh mugi ngaharamkeun rambut abdi, sareng kulit abdi kena kan seuneu Naraka".





j) Ngumbah ceupil du 3x. ieu dua'na

اَللّٰهُمَّ اَسْمِعْنِي مُنَادِيَ الْجَنَّةِ

" Ya Alloh mugi dikupingkeun ka abdi panggilan (ka sawarga".

❖ Cara ngumbahna nyaeta : jempol ngosok-ngosok cepil bagian luar. curuk ngabersihan cepil bagian lebet.

k) Ngumbah sampeyan 2 sarta mumuncangan 3x disunatkeun dileuwihan dugi kaluhureun mumuncangan. Ieu du'a ngumbah sampeyan :

اَللّٰهُمَّ ثَبِّتْ قَدَمِي عَلَى الصِّرَاطِ الْمُسْتَقِيْمِ

"Ya Alloh mugi neuteupkeun sampeyan abdi dina jambatan Shirothol Mustaqim".

l) Du'a saatos wudlu :

اَشْهَدُ اَنْ لَا اِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيْكَ لَهُ وَاَشْهَدُ اَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ اَللّٰهُمَّ اجْعَلْنِي مِنَ التَّوَّابِيْنَ وَاجْعَلْنِي مِنَ الْمُتَطَهِّرِيْنَ

وَاجْعَلْنِي مِنْ عِبَادِكَ الصَّالِحِيْنَ سُبْحَانَكَ اللّٰهُمَّ وَبِحَمْدِكَ اَشْهَدُ اَنْ لَا اِلٰهَ اِلَّا اَنْتَ اَسْتَغْفِرُكَ وَاَتُوْبُ اِلَيْكَ

" Abdi nyaksian yen saenyana teu aya deui Pangeran iwal ti Gusti Alloh nau sahiji teu aya batur jang mantena jeung abdi nyaksian yen Kanjeng Nabi Muhammad the utusan Alloh hamba-Na sareng utusan-Na Ya Alloh mugi ngajadikeun abdi jadi tina sapalihna golongan jalma anu tarobat, sareng mugi ngajadikeun abdi jadi tina sapalihna golongan jalma anu tarobat, sareng mugi ngajadikeun abdi jadi tina sapalihna golongan jalma anu saruci, mugi ngajadikeun abdi jadi tina sapalihna hamba-hamba Gusti anu saroleh. Maha Suci Anjen ya Alloh sareng sadayana puji eta tetep pikeun Gusti, sareng abdi nyaksian yen teu aya deui Pangeran iwal ti Gusti, abdi nyuhunkeun pangampura ti Gusti sareng abdi tobat ka Gusti".

Paskaluar ti jamban kedah ngaheulakeun sampeyan katuhu teras sampeyan kenca bari maca : غُفْرَانَكَ

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِي اَذْهَبَ عَنِّي الْاَذَى وَعَافَانِي

" Sagala puji eta tetep pikeun Alloh anu tos ngahilangkeun abdi tina pilara, sareng mugi masihan kasehatan ka abdi".

m) Tartib (Ngaheulakeun anu tiheula, maneurikeun anu ti paneuri).

UPAMI TEU AYA CAI ATAWA TEU DAMANG ??

Upami teu aya cai atawa teu damang heg urang the bade netepan teu tiasa wudlu, maka urang ked ngalaksanakeun **Tayamum**.

PRAKTEK TAYAMUM Sebagai ganti wudu.

1) Maca basmalah sateuacan ngawitan

سم اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

"Ngawitan abdi kalawan nyebat jenengan Alloh anu Maha Welas tur Maha Asih".

2) Nyiapkeun taneuh kanggo tayamum. Taneuhna kedah taneuh anu suci (teu aya najisan), ulah ku tipung je sabangsana tipung. Upami tos siap, simpeun dina tempat anu kajangkau.

3) Nyimpeun dampal panangan dua dina taneuh, teras dikeprukeun heula meh teu kotor teuing, ngeprukeun na u dina luhureun taneuh anu bade dipake tayamum. Teras simpeun dampal panangan dua dina raray.

4) Ngusap raray 2x bari maca niat tayamum :

تُ التَّيَمُّمَ لِاسْتِبَاحَةِ الصَّلَاةِ فَرْضًا لِلّٰهِ تَعَالٰى

"Abdi niat tayamum meh tiasa ngalaksanakeun Sholat fardhu karena Alloh Ta'ala".

Sabagian cara ngusap wajah nalika tayamum :

(a) Nyimpeun panangan katuhu di tarang, panangan kenca di baham.
(b) Teras diputer, jadi panangan katuhu di pipi katuhu, panangan kenca di pipi kenca.
(c) Teras diputer deui, jadi panangan katuhu di baham, panangan kenca di tarang.
(d) Teras panangan kenca diusapkeun ka handap dugikeun ka parat.



4a)



4b)



4c)



4d)

5) Ngusap panangan 2x.

Sabagian cara ngusap panangan nalika tayamum :

a) Nyimpeun dampal ramo panangan kenca dina tonggong ramo katuhu.
b) Teras ditarik dugikeun ka siku panangan katuhu.
c) Puterkeun sahingga panangan kenca aya dina pangkal siku panangan katuhu.
d) Teras dipajukeun dugi ka usap sadayana (dampal jempol kenca tongong jempol katuhu).



5a)



5b)



5c)



5d)

e) Nyimpeun dampal ramo panangan katuhu dina tongong ramo kenca.
f) Teras ditarik dugikeun ka siku panangan kenca.
g) Puterkeun sahingga panangan katuhu aya dina pangkal siku panangan kenca.
h) Teras dipajukeun dugi ka ka usap sadayana (dampal jempol katuhu ngusap tongong jempol kenca).



5e)



5f)



5g)



5h)

6) Tartib (ngaheulakeun anu tiheula, maneurikeun anu ti paneuri).

Niat
= tayamum untuk pengganti hadas besar =

نَوَيْتُ التَّيَمُّمَ لِاِسْتِبَاحَةِ الصَّلَاةِ عَنِ الْحَدَثِ
الاَكْبَرِ لِلّٰهِ تَعَالَى

ADZAN SARENG IQOMAH

Adzan

- Adzan sunat dilakukeun saacan Sholat. Lafadl adzan :

اَللّٰهُ اَكْبَرُ اللّٰهُ اَكْبَرُ (٢x) ٭ اَشْهَدُ اَنْ لَا اِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ (٢x) ٭ اَشْهَدُ اَنَّ مُحَمَّدًا رَسُوْلُ اللّٰهِ (٢x) ٭ حَيَّ عَلَى الصَّلَاةِ
حَيَّ عَلَى الْفَلَاحِ ٭ اَللّٰهُ اَكْبَرُ اللّٰهُ اَكْبَرُ ٭ لَا اِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ

- Khusus kanggo adzan Subuh diantawis kalimat " *Hayya 'allafalaah* " dan " *Alloohu akbar - Alloohu akbar* " ditambihan kalimat : اَلصَّلَاةُ خَيْرٌ مِنَ النَّوْمِ

  " *Ari Sholat eta leuwih alus tibatan sare* ".
- Sunat ngalieuk ka katuhu pas maca " *Hayya 'allashsholaah* ", oge ngalieuk ka kenca pas maca " *Hayya 'allafalaah* ".
- Du'a saba'da adzan :

اَللّٰهُمَّ رَبَّ هٰذِهِ الدَّعْوَةِ التَّامَّةِ وَالصَّلَاةِ الْقَائِمَةِ اٰتِ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا الْوَسِيْلَةَ وَالْفَضِيْلَةَ وَالشَّرَفَ وَالدَّرَجَةَ الْعَالِيَةَ الرَّفِيْعَةَ
وَابْعَثْهُ الْمَقَامَ الْمَحْمُوْدَ الَّذِيْ وَعَدْتَهُ اِنَّكَ لَا تُخْلِفُ الْمِيْعَادَ

" *Ya Alloh Pangeran anu ngagaduhan panggilan anu sampurna ieu, jeung ngagaduhan Sholat anu diadegkeun. Pasihan junjungan urang Kanjeng Nabi Muhammad wasilah jeung kautamaan sarta kamuliaan jeung darajat anu luhur jeung taekeun mantenna ka tempat anu terpuji sakumaha anu tos Gusti janiikeun. Saenyana Gusti Ya Alloh Dzat anu moal ngubah kana janji* ".

Iqomah

Iqomah sunat dibacakeun saba'da adzan. Lafadl iqomah :

اَللّٰهُ اَكْبَرُ اللّٰهُ اَكْبَرُ ٭ اَشْهَدُ اَنْ لَا اِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ ٭ اَشْهَدُ اَنَّ مُحَمَّدًا رَسُوْلُ اللّٰهِ ٭ حَيَّ عَلَى الصَّلَاةِ ٭ حَيَّ عَلَى الْفَلَاحِ
قَدْ قَامَتِ الصَّلَاةُ (٢x) ٭ اَللّٰهُ اَكْبَرُ اللّٰهُ اَكْبَرُ ٭ لَا اِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ

Sunat Ngajawab Adzan & Iqomah

Kanggo jalmi anu ngadangu sora adzan disunatkeun ngajawabna ku sura anu laun sakumaha anu tos di ucapkeun ku nu adzan (muadzin) dina kalimat adzan, iwalti na kalimat " *Hayya 'allashsholaah* " jeung " *Hayya 'allafalaah* " maka anu ngadangu kedah maca :

لَا حَوْلَ وَلَا قُوَّةَ اِلَّا بِاللّٰهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيْمِ

" *Teu aya daya sareng kakiatan iwalti ku pitulung Alloh anu Maha Agung* ".
Jeung na adzan Shubuh nalika muadzin ngucapkeun "*Ashsholatu khairum manannaum*", maka anu ngadangu kedah maca :

صَدَقْتَ وَبَرَرْتَ وَاَنَا عَلٰى ذٰلِكَ مِنَ الشَّاهِدِيْنَ

" *Bener jeung sae eta ucapan jeung abdi ge atas anu kitu teh kamasuk jalmi anu nyaraksian* ".
Nyakitu anu ngadangu iqomah disunatkeun ngajawab ku kalimat anu diucapkeun muadzin, kecuali na kalimat "*Qodqoomatish Sholaat*" maka dijawabna ku ucapan :

اَقَامَهَا اللّٰهُ وَاَدَامَهَا وَجَعَلَنِيْ مِنْ صَالِحِيْ اَهْلِهَا

" *Mugi Alloh tetep ngadegkeun ieu Sholat bari kekalna, jeung mudah-mudahan Alloh ngajadikeun abdi ti golongan jalma soleh nyaeta kalebet golongan jalmi au ahli ngerjakeun Sholat* ".
Syarat Muadzin : Islam, Lalaki berakal atawa tamyiz.

PARABOT SHOLAT :

Pasunatan Sateu Acan Sholat :

1) Adzan.
2) Iqomah.

Syarat - syarat Sholat :

1) Suci tina hadats alit & hadats ageung.
2) Baju, badan, jeung tempat Sholat suci tina najis.
3) Nutupan orat.
4) Madep Kiblat.
5) Asup (manjing) waktu Sholat.
6) Terang kana kafardhuan Sholat.
7) Ulah nekadken fardhu tina fardhuna Sholat jadi sunat.
8) Ninggalkeun pabatalan Sholat.

Rukun Sholat

1) Niat.
2) *Takbirotul Ihrom.*
3) Nangtung jang au kawasa (na Sholat fardhu).
4) Maca surat *Fatihah.*
5) Ruku'.
6) Tumaninah na ruku'.
7) I'tidal.
8) Tumaninah na I'tidal.
9) Sujud dua.
10) Tumaninah na sujud.
11) Diuk antara dua sujud.
12) Tumaninah na diuk antara dua sujud.
13) Maca bacaan tsyahud (tahiyat akhir).
14) Diuk na tasyahud akhir.
15) Sholawat ka Kanjeng Nabi na tasyahud akhir.
16) Salam anu kkahiji (nu ka katuhu).
17) Tartib (miheulakeun anu tiheula, maneurikeun anu ti paneuri).

Pabatalan Sholat :

1) Kaluar hadats.
2) Katimpaan najis (lamun teu dipiceun pada harita kalawan teu diangkat).
3) Kabuka orat (lamun teu ditutup pada harita).
4) Nyarita ku dua huruf atawa sahuruf anu ngandung arti kalawan dihaja.
5) Ngalaksanakeun pabatalan puasa kalwan ngahaja.
6) Dahar loba bari poho.
7) Usik tilu kali anu tuluy-tuluy, sanajan poho.
8) Ngajleng anu ngaliwat batas (leuleuwiheun na usik).
9) Neunggeul anu tarik.
10) Nambahan rukun pagawean kalawan ngahaja.
11) Miheulaan Imam dua rukun pagawean.

12) Katingaleun Imam dua rukun pagawean (mun teu aya udur).
13) Niat megatkeun (ngabatalkeun) Sholat.
14) Nganutkeun batalna Sholat kana hiji perkara.
15) Mang-mang na ngabatalkeun Sholat.

<u>Sunat Sholat :</u>

<u>Sunat Ab'ad</u> (sunat anu kudu diganti ku sujud sahwi dimana ditinggalkeun) : Tasyahud (tahiyat) awal.

1) Diuk na tasyahud awal.
2) Maca sholawat ka Kanjeng Nabi na tasyahud awal.
3) Maca sholawat ka kulawargi Nabi na Tasyahud (tahiyat) akhir.
4) Maca qunut na shubuh, witir na 1/2 akhir Romadlon.
5) Maca sholawat sareng salam ka Kanjeng Nabi, kulawargi Nabi, sareng ka para shohabat Nabi na qunut.

<u>Sunat Hajat</u> (sunat anu teu kudu diganti ku sujud sahwi dimana ditinggalkeun) :

1) Ngangkat panangan (dugi ka cepil) na takbirotul ihrom, waktu bade ruku', waktu cengkat tina ruku' (I'tidal), waktu cengkat tina tasyahud (tahiyat) awal.
2) Nyimpen panangan katuhu na panangan kenca (hanapeun dada, luhureun bujal) waktu nangtung.
3) Maca du'a *Iftitah* saentos takbirotul ihrom.
4) Maca ta'udz sateu acan fatihah.
5) Maca amin saentos fatihah.
6) Maca surat Qur'an saentos fatihah.
7) Narikeun soara na fatihah & susuratan (na roka'at ka 1 & 2) na sholat Subuh, Maghrib, Isya. Istri disunatkeun laun macana na tiap Sholat.
8) Maca takbir (اَللّٰهُ اَكْبَرُ) waktu rek ruku'.
9) Maca tasbih na ruku' & sujud.
10) Maca *"Sami'allohu liman hamidah"* waktu rek I'tidal, maca *"Robbanaa lakal hamdu ....."* jst. na I'tidal.
11) Nyimpen panangan na tuur waktu ruku'.
12) Nyimpen dua panangan na ping-ping na waktu tahiyat awal & akhir, ngacungkeun curuk nu katuhu waktu maca *"Illalloh"*.
13) Diuk *Iftirosy* na sakabeh diuk kacuali tahiyat akhir.
14) Diuk *Tawaruk* na tahiyat akhir.
15) Ngajauhkeun siku 2 tina cangkeng 2, ngangkat patuangan tina ping-ping 2.
16) Nyampurnakeun maca sholawat ka Kanjeng Nabi na tasyahud akhir.
17) Maca du'a na tahiyat akhir.
18) Maca salam nu ka dua, ngalieuk ka katuhu & ka kenca.
19) Khusyu'.

<u>Pamakruhan Sholat :</u>

1) Nahan hadats dua.
2) Meureumkeun panon.
3) Ngalieuk, kacuali na salam.
4) Sholat na luhureun kuburan.
5) Melak cangkeng.
6) Luak-lieuk.
7) Teu make kopeah, keur lalaki.

8) Baleum sabaleum-baleumna.
9) Nyimpeun panangan na baju, keur takbirotul ihrom, ruku' & sujud.
10) Ngalakukeun pagawean anu ngaruksak kakhusyuan Sholat.

Syarat Sholat Berjama'ah :

1) Teu terang kana batalna Sholat si Imam kusabab hadats jeung salianti hadats.
2) Teu ngai'tikadkeun wajib qodho Sholat si Imam.
3) Ulah kabuktosan Imamna jadi Ma'mum,
4) Imamna ulah jalmi bodo,
5) Ma'mum ulah dipayuneun (ngaleuwihan) Imam na tempat Sholatna.
6) Kedah terang kana punah-pinahna (rukunna) Imam.
7) Imam & Ma'mum kedah kumpul di hiji Masjid atanapi dina tempat anu aya saukuran 300 siku.
8) Ma'mum nganiatan anut atawa berjama'ah.
9) Kedah mufakat (sami) susuñan sholat Imam & Ma'mum.
10) Ulah nyacad Imam dina pasunatan anu goreng perbedaana tapi tetep kudu anut ka Imam.

Gambaran Berjama'ah :

1) Sah anutna lalaki ka Imam lalaki.
2) Sah anutna istri ka Imam lalaki.
3) Sah anutna banci ka Imam lalaki.
4) Sah anutna istri ka Imam banci.
5) Sah anutna istri ka Imam istri.
6) Batal anutna lalaki ka Imam istri.
7) Batal anutna lalaki ka Imam banci.
8) Batal anutna banci ka Imam istri.
9) Batal anutna banci ka Imam banci.

Perbedaan Lalaki jeung Istri na Sholat :

LALAKI	ISTRI
Narikeun sorana.	Ngalaunkeun sorana.
Na sujud jeung na ruku' ngarenggangkeun siku leungeun tina patuangan.	Na sujud jeung na ruku' ngarapetkeun sakabeh anggota ruku' jeung sujud
Na ruku' jeung na sujud ngangkat patuangan tina 2 ping-ping.	Na ruku' jeung na sujud ngarapetkeun patuangan kana 2 ping-ping.
Oratna antara bujal jeung tuur	Oratna sakabeh badan iwal raray jeung dampal panangan.
Maca tasbih(سبحان الله) dimana rek ngingeutan Imam	Ngeprok ku tonggong leungeun dimana rek ngingetan Imam.

PRAKTEKNA


(a) Saacan Sholat saena maca surat An-Nas 3x, meh ngaleungitkeun kawas-wasan, nyaeta:

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

قُلْ أَعُوْذُ بِرَبِّ النَّاسِ * مَلِكِ النَّاسِ * إِلٰهِ النَّاسِ * مِنْ شَرِّ الْوَسْوَاسِ الْخَنَّاسِ * الَّذِيْ يُوَسْوِسُ فِيْ صُدُوْرِ النَّاسِ * مِنَ الْجِنَّةِ وَالنَّاسِ

*"Kalawan nyebat jenengan Alloh anu Maha Welas & anu Maha Asih * Carkakeun (hei Muhammad!) : Abdi nyalindung ka Tuhanna manusa * Rajana manusa * Pangeranna manusa * (abdi nyalindung) tina kajahatan was-was (nu ngaganggu hate) anu ngagoda * Nyaeta anu ngawas-waskeun na hate manusa * Boh tina Jin atawa manusa".*

(b) Nangtung anu anceg (jeung anu kuat nangtungna / na sholat fardhu). Teras sunat maca niat bari madep kiblat kalawan niat sholat anu rek dilaksanakeun.



Katerangan:
Khusus lalaki sarungna ulah nutupan mumuncangan.
Jarak antara dua suku nyaeta sajengkal panangan.

Niat Sholat Lohor:

أُصَلِّي فَرْضَ الظُّهْرِ أَرْبَعَ رَكَعَاتٍ مُسْتَقْبِلَ الْقِبْلَةِ أَدَاءً مَأْمُوْمًا / إِمَامًا لِلّٰهِ تَعَالَى

"Abdi niat Sholat Lohor opat roka'at bari madep Qiblat kalawan jadi Ma'mum/jadi Imam fardu karena Alloh Ta'ala".

Niat Sholat Asar:

أُصَلِّي فَرْضَ الْعَصْرِ أَرْبَعَ رَكَعَاتٍ مُسْتَقْبِلَ الْقِبْلَةِ أَدَاءً مَأْمُوْمًا / إِمَامًا لِلّٰهِ تَعَالَى

"Abdi niat Sholat Asar opat roka'at bari madep Qiblat kalawan jadi Ma'mum/jadi Imam fardu karena Alloh Ta'ala".

Niat Sholat Maghrib:

أُصَلِّي فَرْضَ الْمَغْرِبِ ثَلَاثَ رَكَعَاتٍ مُسْتَقْبِلَ الْقِبْلَةِ أَدَاءً مَأْمُوْمًا / إِمَامًا لِلّٰهِ تَعَالَى

"Abdi niat Sholat Maghrib tilu roka'at bari madep Qiblat kalawan jadi Ma'mum/jadi Imam fardu karena Alloh Ta'ala".

Niat Sholat Isya:

أُصَلِّي فَرْضَ الْعِشَاءِ أَرْبَعَ رَكَعَاتٍ مُسْتَقْبِلَ الْقِبْلَةِ أَدَاءً مَأْمُوْمًا / إِمَامًا لِلّٰهِ تَعَالَى

"Abdi niat Sholat Isya opat roka'at bari madep Qiblat kalawan jadi Ma'mum/jadi Imam fardu karena Alloh Ta'ala".

Niat Sholat Subuh:

أُصَلِّي فَرْضَ الصُّبْحِ رَكْعَتَيْنِ مُسْتَقْبِلَ الْقِبْلَةِ أَدَاءً مَأْمُوْمًا / إِمَامًا لِلّٰهِ تَعَالَى

"Abdi niat Sholat Subuh dua roka'at bari madep Qiblat kalawan jadi Ma'mum/jadi Imam fardu karena Alloh Ta'ala".

<u>Darajat Niat:</u>

1) Lamun kabuktosan sholatna sholat fardhu, wajib ngamaksud migawe, nangtukeun sholatna, jeung kafardhuanna.
2) Lamu kabuktosan sholatna sholat sunat anu diwaktu-waktu saperti Rowatib atawa sholat sunat anu ngabogaan sabab, wajib ngamaksud migawe, jeung nangtukeun sholatna.
3) Lamun kabuktosan sholatna sholat mutlaq, wajib ngamaksud migawe wungkul.

(c) Tuluy ngangkat dua leungeun tepikeun sajajar jeung tak-tak atawa ceuli. Bari ma cakeun takbir (اللّٰهُ أَكْبَرُ). Kalawan niat dilafalkeun dina hate, bari ikhlas sarta pinuh ku kakhusyuan.

Takbirotul Ihrom nyaeta <u>takbir anu ngaharamkeun pagawean anu halal dilakukeun di luar sholat</u>. Saperti dahar, dahar lamun dikerjakeun diluar sholat hukumna halal, tapi lamun migawe dahar na kaayaan urang keur ngalaksanakeun sholat eta teh hukumna haram. Jadi lamun ngalakukeun dahar na sholat bisa ngamatak-keun urang jadi berdosa.





Syarat Takbirotul Ihrom :

1) Tibana nalika nangtung na sholat fardhu.
2) Kabuktosan ku bahasa Arab.
3) Kabuktosan ku lafad Jalalah (lafad Alloh / الله).
4) Kabuktosan ku lafad Akbar (اكبر).
5) Tartib antara lafad Alloh jeung lafad Akbar.
6) Teu manjangkeun (Mad) hamzah lafad Alloh.
7) Teu manjangkeun huruf ba' (ب) lafad akbar.
8) Teu nasydidkeun hurufkeun ba' lafad akbar.
9) Ulah nambahan wau (و) sukun (paeh) atawa wau hirup antara lafad Alloh jeung lafad Akbar.
10) Teu nambahan huruf wau saacan lafad Alloh.
11) Teu eureun antara dua lafad. kalawan eureun anu panjang atawa sakeudeung.
12) Kadangu ku sorangan sakabeh huruf takbirotul ihrom.
13) Asup (manjing) waktu dina sholat anu diwaktu-waktu.
14) Tibana pas madep Qiblat.
15) Teu nyacad (ngarusak) salah sahiji huruf tina huruf-huruf takbir.
16) Ngakhirkeun takbirna si ma'mum tina takbirna si Imam.

Tambihan :
Jang istri lamun ngangkat pananganna kedah dirapetkeun ulah direnggangkeun.

(d) Saentos takbirotul ihrom, tuluy sidakep (nyimpen panangan katuhu luhureun panangan kenca). Tempat nyimpenna aya dua tempat :
   (-) Nyimpen panangan katuhu dina pigelangan panangan kenca.
   (-) Nyimpen panangan katuhu dina tengah-tengah antara pigelangan jeung siku panangan kenca.
   Ari dua panangan disimpenna antara bujal sareng dada. Tuluy maca do'a iftitah :



اللهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ كَثِيرًا وَسُبْحَانَ اللّٰهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا. إِنِّي وَجَّهْتُ وَجْهِيَ لِلَّذِي فَطَرَ السَّمٰوَاتِ وَالْأَرْضَ حَنِيفًا مُسْلِمًا وَمَا أَنَا مِنَ الْمُشْرِكِينَ. إِنَّ صَلَاتِي وَنُسُكِي وَمَحْيَايَ وَمَمَاتِي لِلّٰهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ. لَا شَرِيكَ لَهُ وَبِذٰلِكَ أُمِرْتُ وَأَنَا مِنَ الْمُسْلِمِينَ

"Alloh Maha Agung anu sampurna kaagunganna, ari sagala puji eta tetep kagungan Alloh jeung Maha Suci Alloh sapanjang isuk-isuk jeung sore. Abdi madepkeun wajah hate abdi ka Dzat anu nyiptakeun langit jeung bumi kalawan lempeng jeung nyerahkeun diri. Jeung abdi sanes ti golongan anu malusyrik. Saenya-enyana sholat abdi, ibadah abdi, hirup abdi, jeung maot abdi eta kanggo Alloh Pangeran sadaya alam. Teu aya anu ngabaturan ka Alloh jeung kulantaran kitu diparentah abdi (teu nyakutukeun Alloh), jeung abdi teh tina golongan jalma anu ariman".

(e) Saparantos maca iftitah diteruskeun kana maca fatihah.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيمِ. اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ. الرَّحْمٰنِ الرَّحِيمِ. مَالِكِ يَوْمِ الدِّينِ. إِيَّاكَ نَعْبُدُ وَإِيَّاكَ نَسْتَعِينُ. اِهْدِنَا الصِّرَاطَ الْمُسْتَقِيمَ. صِرَاطَ الَّذِينَ أَنْعَمْتَ عَلَيْهِمْ غَيْرِ الْمَغْضُوبِ عَلَيْهِمْ وَلَا الضَّالِّينَ.

"Kalawan nyebat jenengan Alloh anu Maha Welas tur Maha Asih. Sagala puji eta kagungan Alloh, anu mangeranan sadaya alam. Anu Maha Welas tur anu Maha Asih. Anu nguasai poe agama (poe pambalesan). Mung ka Gusti abdi nyembah (ibadah) jeung mung ka Gusti abdi nyuhunkeun pitulung. Mugi pangnunjukeun ka kami jalan anu lempeng. Jalanna jalma-jalma anu tos dipasihan ni'mat ku Gusti. sanes jalan jalma-jalma anu dibendu ku Gusti. atawa jalan jalma-jalma anu sasar.

Syarat Maca Fatihah :

1) Tartib.
2) Tuluy-tuluy antara sakabeh ayat.
3) Ngaraksa huruf-hurufna.
4) Ulah eureun kalawan eureun anu lila atawa anu pendek. bari ngamaksud megatkeun bacaan fatihah.
5) Ngaraksa sakabeh ayat-ayatna.

6) Maca sakabeh ayat fatihah, termasuk bismilah.
7) Teu nyieun salah na macana, anu matak nyacad kana ma'na.
8) Kabuktosan macana keur nangtung (na sholat fardhu).
9) Bacaanna kadangu ku sorangan.
10) Teu ka selang ku dikir (bacaan) anu sejen.

Tasydid Fatihah :

1) Bismillah, na luhureun huruf Lam (ل). "بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ"
2) Arrohman, na luhureun huruf Ro' (ر). "الرَّحْمٰنِ"
3) Arrohiim, na luhureun huruf Ro' (ر). "الرَّحِيْمِ"
4) Alhamdulillah, na luhureun huruf Lam (ل). "الْحَمْدُ لِلّٰهِ"
5) Robbil'alamiin, na luhureun huruf Ba' (ب). "رَبِّ الْعَالَمِيْنَ"
6) Arrohman, na luhureun huruf Ro' (ر). "الرَّحْمٰنِ"
7) Arrohiim, na luhureun huruf Ro' (ر). "الرَّحِيْمِ"
8) Maaliki yaumiddiin, na luhureun huruf Dal (د). "مَالِكِ يَوْمِ الدِّيْنِ"
9) Iyyaakana'budu', na luhureun huruf Ya (ي). "إِيَّاكَ نَعْبُدُ"
10) Wa iyyaakanas ta'iin, Iyyaakana'budu', na luhureun huruf Ya (ي). "وَإِيَّاكَ نَسْتَعِيْنُ"
11) Ihdinash-shirootol-mustaqiim, na luhureun huruf Shod (ص). "اهْدِنَا الصِّرَاطَ الْمُسْتَقِيْمَ"
12) Shirootol-ladzina, na luhureun huruf Lam (ل). "صِرَاطَ الَّذِيْنَ"
13) An'amta 'alaihim ghoiril maghdluubi 'alaihim waladl-dlolliin, na luhureun huruf Dlod (ض) jeung Lam (ل).

"أَنْعَمْتَ عَلَيْهِمْ غَيْرِ الْمَغْضُوْبِ عَلَيْهِمْ وَلَا الضَّالِّيْنَ"

(f) Disunatkeun maca Amin (آمِيْن) pas saentos maca waladl-dloliin.
(g) Disunatkeun maca surat-surat Al-Qur'an, saentos maca Amin.
(h) Saparagat maca susuratan tuluy ruku', nyaeta ngangkat dua leungeun nepikeun sajajar jeung cepil bari maca *"Allohu Akbar"* (اَللّٰهُ اَكْبَرُ). Tuluy ngabongkokeun awak, dua leungeunna nyepeng tuur jeung ditekenkeun nepika tonggong jeung mastaka rata (mirip kai). Sakira tos sampurna na kaayaan kitu, dituluykeun kana maca tasbih, nyaeta :

سُبْحَانَ رَبِّيَ الْعَظِيْمِ وَبِحَمْدِهِ...٣x

"Maha Suci Pangeran anu Maha Agung, sarta abdi muji ka Manten-Na".

Tambihan : Istri kedah ngarapetkeun sakabeh anggota ruku'.


(h) I


(h) II


(h) III

(i) Tumaninah na ruku', ari nu dimaksud Tumaninah nyaeta :

سُكُونٌ بَعْدَ حَرَكَةٍ بِحَيْثُ يَسْتَقِرُّ كُلُّ عُضْوٍ فِي مَحَلِّهِ بِقَدْرِ سُبْحَانَ اللهِ

"Cicing saba'da usik sakira-kira tetep tiap-tiap anggota na tempatna kalawan ukuran maca subhanalloh".

(j) Saentos ruku', diteruskeun kana I'tidal, nyaeta nangtung tina ruku' bari ngangkat dua leungeun sajajar jeung cepil bari maca :

سَمِعَ اللهُ لِمَنْ حَمِدَهُ

"Alloh nguping ka jalma-jalma anu muruji Manten-Na".

Jeung keur nangtung tegak dua leungeun dikahandapkeun (bari Tumaninah), tuluy maca :

رَبَّنَا لَكَ الْحَمْدُ مِلْءُ السَّمٰوَاتِ وَمِلْءُ الْأَرْضِ وَمِلْءُ مَا شِئْتَ مِنْ شَيْءٍ بَعْدُ

"Duh Pangeran kami, mung kanggo Anjeun sagala puji anu ngaliputan langit, bumi, jeung sagala perkara anu dikersakeun ku Gusti saba'da eta".








(k) Saenggeus I'tidal diteruskeun kana sujud, pas turun rek sujud macakeun *"Allohu Akbar"* (اللهُ أَكْبَرُ) bari nyimper anggota sujud na tempatna bari jeung tumaninah. Tuluy maca :


سُبْحَانَ رَبِّيَ الْأَعْلَى وَبِحَمْدِهِ ...٣X

"Maha Suci Pangeran anu Maha Luhur, sarta abdi muji ka Manten-Na".



Anggota Sujud :

1. Tarang.
2. Dampal panangan katuhu
3. Dampal panangan kenca.
4. Tuur suku katuhu.
5. Tuur suku kenca.
6. Dampal ramo suku katuhu.
7. Dampal ramo suku kenca.



Syarat Sujud :

1. Sujud na tujuh anggota sujud.
2. Kabuktosan tarangna kabuka (teu katutupan ku naon-naon).
3. Ngaberatkeun mastakana (umpamana kapas teh nepikeun ka deklok).
4. Teu turun kur salianti rek sujud.
5. Teu meunang sujud kana banda anu usik ku usikna jalma (saperti sorban
6. Ngangkat anggota badan anu handap (bujur jeung sajabina), nurunkeun anggota badan anu luhur (mastaka jeung sajabina).
7. Tumaninah na sujud.


Tambihan : kanggo istri nalika sujud kedah ngarapetkeun sakabeh anggota sujud

(l) Saentos sujud nu kahiji, tuluy hudang kalawan rek diuk bari maca *"Allohu Akbar"* (اللّٰهُ أَكْبَرُ). Sakira-kira diukna geus sampurna tur tumaninah, diteruskeun kana maca :



رَبِّ اغْفِرْلِي وَارْحَمْنِي وَاجْبُرْنِي وَارْفَعْنِي وَارْزُقْنِي وَاهْدِنِي وَعَافِنِي وَاعْفُ عَنِّي

"Ya Alloh, mugi ngahapunten sagala dosa abdi, mugi mikawelas ka abdi, mugi nyekapkeun sagala kakirangan abdi, mugi ngangkat darajat abdi, mugi ngarizqian abdi, mugi masihan abdi pituduh, mugi masihan kasehatan ka abdi, sareng mugi ngahapunten ka abdi".



(m) Saentos diuk antara dua sujud tuluy sujud deui, nyaeta sujud anu kadua. Cara na nyaeta pas rek turun maca *"Allohu Akbar"* (اللّٰهُ أَكْبَرُ) tuluy nyimpen sakabeh anggota sujud na tempatna. Bari tumaninah na eta sujud. Bacaan keur sujud :


سُبْحَانَ رَبِّيَ الْأَعْلَى وَبِحَمْدِهِ ٣x

"Maha suci Pangeran Anu Maha Luhur, bari abdi muji ka Manten-Na".

Penjelasan :

Anu disebut roka'at kahiji nyaeta : Waktu dikawitan na takbirotul ihrom nepikeun kana sujud anu kadua, anapon ari roka'at nu kadua nyaeta : Waktu nangtung tina sujud anu kadua kalawan pananganna kaayaan keur sidakep siga na roka'at kahiji, ari gerakan jeung bacaana mah sarua jeung roka'at kahiji, ngan teu aya maca du'a iftitah.

(n) Saentos sujud kadua na roka'at kadua, tuluy hudang bari maca *"Allohu Akbar"* (اللّٰهُ أَكْبَرُ). Tuluy diuk tahiat awal (Tasyahud awal) bari tumaninah tuluy maca :




التَّحِيَّاتُ الْمُبَارَكَاتُ الصَّلَوَاتُ الطَّيِّبَاتُ لِلّٰهِ السَّلَامُ عَلَيْكَ أَيُّهَا النَّبِيُّ وَرَحْمَةُ اللّٰهِ وَبَرَكَاتُهُ، السَّلَامُ عَلَيْنَا وَعَلَى عِبَادِ اللّٰهِ الصَّالِحِينَ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلٰهَ إِلَّا اللّٰهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ اللّٰهِ، اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ

"Ari sagala kahormatan, kaberkahan, kabahagiaan, sareng kaalusan eta tetep pikeun Gusti Alloh. Ari kasalametan jeung rohmat Alloh, jeung berkah Alloh eta pikeun anjeun para Nabi. Ari kasalametan eta pikeun urang sadayana jeung kanggo para Hamba Alloh anu saroleh. Kuring nyaksian yen saenyana teu aya deui Pangeran iwal ti Alloh jeung kuring nyaksian yen Gusti urang sadayana Nabi Muhammad teh utusan Alloh".

Katerangan :

Tahiat awal dikerjakeun mung na roka'at kadua, dimana lamun sholat urang tilu roka'at atawa opat roka'at. Maka na roka'at nu kadua saentos sujud nu kadua diteruskeun kana tahiat awal (tasyahud awal). kalawan kaayaan diuk na luhureun dampal suku kenca ari suku katuhu ditilepkeun ramo-ramona kaharep. Tuluy diteruskeun kana maca bacaan tahiat awal, jeung leungeun kenca disimpen na ping-ping kenca bari aya na kaayaan dibuka. Ari leungeun katuhu mah dikeupeulkeun iwal curuk.

Curuk diacungkeun pas maca lapad *"Illalloh"* (إِلَّااللّٰهُ). Curuk ulah diutek-utek atawa diputer-puter, tapi dicicingkeun.



(o) Saenggeus tamat sujud kadua na roka'at terakhir, tuluy hudang bari maca *"Allohu Akbar"* (اَللّٰهُ اَكْبَرُ). Tuluy diuk tahiat akhir (tasyahud akhir) nyaeta kaayaan suku kenca diasupkeun handapeun suku katuhu meh bujur bisa keuna kana taneuh jeung ramo-ramo suku katuhu ditilepkeun kaharep, tuluy maca bacaan tahiat akhir jeung leungeun kenca disimpen na ping-ping suku kenca na kaayaan kabuka. Ari leungeun katuhu mah dikeupeulkeun iwalti curuk. Curuk diacungkeun pas maca lapad *"Illalloh"* (إِلَّااللّٰهُ) bari tumaninah. Ieu bacaana :

اَلتَّحِيَّاتُ الْمُبَارَكَاتُ الصَّلَوَاتُ الطَّيِّبَاتُ لِلّٰهِ اَلسَّلَامُ عَلَيْكَ اَيُّهَا النَّبِيُّ وَرَحْمَةُ اللّٰهِ وَبَرَكَاتُهُ، اَلسَّلَامُ عَلَيْنَا وَعَلَى عِبَادِ اللّٰهِ الصَّالِحِيْنَ، اَشْهَدُ اَنْ لَا اِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ وَاَشْهَدُ اَنَّ مُحَمَّدًا رَسُوْلُ اللّٰهِ، اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِ نَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى اٰلِ سَيِّدِ نَا مُحَمَّدٍ، كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى سَيِّدِ نَا اِبْرَاهِيْمَ وَعَلَى اٰلِ سَيِّدِ نَا اِبْرَاهِيْمَ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِ نَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى اٰلِ سَيِّدِ نَا مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَى سَيِّدِ نَا اِبْرَاهِيْمَ وَعَلَى اٰلِ سَيِّدِ نَا اِبْرَاهِيْمَ فِى الْعَالَمِيْنَ اِنَّكَ حَمِيْدٌ مَجِيْدٌ

"Sagala kahormatan, kaberkahan, kabahagiaan, jeung kaalusan eta tetep pikeun Alloh. Ari kasalametan jeung rohmat Alloh, jeung berkah Alloh eta pikeun anjeun para Nabi. Ari kasalametan eta pikeun urang sadayana jeung kanggo Hamba Alloh anu saroleh. Ya Alloh mugi limpahkeun rohmat ka Gusti urang nabi Muhammad, sareng ka kulawargina Gusti urang Nabi Muhammad. Saperti Anjeun tos masihan rohmat ka Gusti urang Nabi Ibrohim sareng ka kulawargina Gusti urang Nabi Ibrohim. Jeung mugi ngalimpahkeun barkah ka Gusti urang Nabi Muhammad sareng ka kulawargi Gusti urang Nabi Muhammad. Saperti Anjeun tos masihan barkah ka Gusti urang Nabi Ibrohim sareng ka kulawargina Gusti urang Nabi Ibrohim. Disakabeh Alam saenyana Anjeunlah anu Maha Terpuji jeung anu Maha Mulia"

<u>Tasydid Tasyahud :</u>

1) Tasydid Attahiyaatu na luhureun Ta' jeung Ya'. اَلتَّحِيَّاتُ
2) Almubaarokaatushsholawaatu na Shod. اَلْمُبَارَكَاتُ الصَّلَوَاتُ
3) Aththoyyibaatu na Tho' jeung Ya'. اَلطَّيِّبَاتُ
4) Lillaahi na Lam Jalalah. لِلّٰهِ
5) Assalaamu na Sin. اَلسَّلَامُ
6) 'Alaika ayyuhan-Nabiyyu na Ya', Nun jeung Ya'. عَلَيْكَ اَيُّهَا النَّبِيُّ
7) Warohmaatul-Lohi na Lam Jalalah. وَرَحْمَةُ اللّٰهِ
8) Wabarokaatuh assalaamu na Sin. وَبَرَكَاتُهُ اَلسَّلَامُ
9) 'Alaina wa'alaa'ibaadil-Lahi na Lam Jalalah. عَلَيْنَا وَعَلَى عِبَادِ اللّٰهِ
10) Ashshoolihiin na Shod. اَلصَّالِحِيْنَ
11) Asyhadu'alla ilaha na Lam Alif. اَشْهَدُ اَنْ لَا اِلٰهَ
12) Illal-Loh na Lam Alif jeung Lam Jalalah. اِلَّا اللّٰهُ
13) Wa asyhadu anna na Nun. وَاَشْهَدُ اَنَّ
14) Muhammadar-Rosululloh na Mim, Ro', jeung na Lam Jalalah. مُحَمَّدًا رَسُوْلُ اللّٰهِ

(p) Disunatkeun maca du'a perlindungan ka Alloh na saacan salam, nuju tahiat akhir. Nyaeta :

اللّٰهُمَّ إِنِّي أَعُوذُبِكَ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ وَمِنْ عَذَابِ النَّارِ وَمِنْ فِتْنَةِ الْمَحْيَا وَالْمَمَاتِ وَمِنْ فِتْنَةِ الْمَسِيحِ الدَّجَّالِ

"Ya Alloh saenyana abdi nyuhunkeun perlindungan tina adzab Qubur, sareng nyuhunkeun perlindungan tina adzab Naraka, sareng tina fitnahna hirup, sareng tina fitnahna maot, oge sareng tina fitnahna Dajjal."



(q) Saentos maca du'ana tahiat akhir tuluy maca salam bari ngalieuk ka katuhu, disunatkeun ngalieuk ka kenca bari maca salam.
Ari lafad salam nyaeta :

السَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللّٰهِ وَبَرَكَاتُهُ

"Ari kasalametan, sareng rohmat Alloh, sareng barkah Alloh eta pikeun aranjeun."

Catetan :

Ari ngalieukna teh pas maca "warohmatul-Lohi" (وَرَحْمَةُ اللّٰهِ)

(r) Tartib => "Ngaheulakeun anggota anu ti heula, maneurikeun anggota anu ti paneuri".

(s) Lamun ngerjakeun Sholat Subuh, maka na roka'at kadua, na waktu i'tidal saba'da maca *"Robbanaa lakal hamdu ....."*. Kedah maca Qunut, nyaeta :

اللّٰهُمَّ اهْدِنِي فِيمَنْ هَدَيْتَ وَعَافِنِي فِيمَنْ عَافَيْتَ وَتَوَلَّنِي فِيمَنْ تَوَلَّيْتَ وَبَارِكْ لِي فِيمَا أَعْطَيْتَ وَقِنِي بِرَحْمَتِكَ شَرَّ مَا قَضَيْتَ فَإِنَّكَ تَقْضِي وَلَا يُقْضَى عَلَيْكَ وَإِنَّهُ لَا يَذِلُّ مَنْ وَالَيْتَ وَلَا يَعِزُّ مَنْ عَادَيْتَ تَبَارَكْتَ رَبَّنَا وَتَعَالَيْتَ فَلَكَ الْحَمْدُ عَلَى مَا قَضَيْتَ أَسْتَغْفِرُكَ وَأَتُوبُ إِلَيْكَ وَصَلَّى اللّٰهُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ النَّبِيِّ الْأُمِّيِّ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَسَلَّمَ

"Ya Alloh, pasihan abdi pituduh sapertos pituduh anu jalmi-jalmi anu tos dipasihan pituduh ku Gusti. Pasihan abdi kasehatan sapertos jalmi-jalmi anu tos dipasihan kasehatan ku Gusti. Pasihan abdi barokah kana sagala anu tos dipasihkeun Gusti ka abdi. Jeung pangjagakeun tina kajahatan anu tos ditangtoskeun ku Gusti. Saenya-enyana moal hina jalmi-jalmi anu tos dipasihan ku Gusti kakawasaan. Jeung moal mulia jalmi anu dipikamusuh ku Gusti. Maha Berkah Gusti sareng Maha Luhur Gusti. Sagala puji eta tetep kanggo Gusti kana anu tos ditangtoskeun ku Gusti. Abdi nyuhunkeun ampunan sareng tobat ka Gusti. Muga Alloh masihan rohmat, berkah, sinareng salam ka Kanjeng Nabi Muhammad anu teu tiasa maca, sareng ka kulawargina, sareng ka shohabatna".

TAMBIHAN

Waktu-waktu Sholat Fardhu

1. Awal waktu Lohor : Nalika lingsirna panon poe. Akhir waktu Lohor : Nalika kalangkang hiji perkara jadi sarua jeung eta perkara salian kalangkang Istiwa.
2. Awal waktu Asar : Nalika kalangkang tiap perkara jadi sarua jeung eta perkara, jeung tambah saeutik. Akhir waktu Asar : Nalika surupna panon poe.
3. Awal Waktu Maghrib : Nalika surupna panon poe. Akhir waktu Maghrib : Nalika surupna mega beureum.
4. Awal waktu 'Isya : Nalika surupna mega beureum. Akhir waktu 'Isya : Nalika bijil fajar shodiq.
5. Awal waktu Subuh : Nalika bijil fajar shodiq. Akhir waktu Subuh : Bijil panon poe.

Waktu anu Diharamkeun Sholat

Diharamkeun sholat anu teu ngabogaan sabab miheulaan jeung anu ngabarengan, nyaeta :

1. Nalika bijil panon poe, nepikeun panon poe naek saukuran satumbak. [illegible] ukuran [illegible] dari [illegible]
2. Nalika Istiwa (manceran/panon poe pas luhureun mastaka) salian poe Juma'ah, nepikeun ka lingsirna panon poe. [illegible]
3. Nalika panon poe kakoneng-konengan, nepikeun ka surupna panon poe.
4. Saeunggeus Sholat Subuh, nepikeun ka bijilna panon poe.
5. Saeunggeus Sholat Asar, nepikeun surupna panon poe.

Keterangan :

a) Sholat anu teu ngabogaan sabab, nyaeta Sholat Sunat Mutlaq.
b) Sholat anu ngabogaan sababna ditukang (saeunggeus), jiga Sholat Ihrom, Istikhoroh, Taubat, Sholat Safar.
c) Sholat anu sababna tiheula (miheulaan), jiga Sholat Qodho fardhu atawa sunat, Sholat Mu'adah, Sholat Janazah.
d) Sholat anu sababna babarengan, jiga Sholat Istisqo, Sholat Gerhana.

Sabab-sabab Sujud Sahwi

(a) Ningalkeun sabagian tina sunat-sunat ab'ad sholat atawa sabagian tina sunat ab'ad.
(b) Ngalakukeun pagawean anu matak ngabatalkeun lamun dihaja, teu batal lamun poho.
(c) Minahkeun rukun bacaan (qauly) ka lain tempatna.
(d) Ngerjakeun rukun pagawean (fi'ly) sarta kamungkinan tambahan (Kusabab poho atawa mang-mang).

Sujud Sahwi dikerjakeun saacan salam saentos maca sholawat ka Nabi, mun inget, carana sujud 2x (kudu tumaninah) bari maca :

"Maha Suci Alloh anu tara kulem jeung hilap." سُبْحَانَ مَنْ لَا يَنَامُ وَلَا يَسْهُوْا

Cara Ngabenerkeun Poho atawa kasalahan anu dilakukeunna Sholat

(a) Mun sholat na sorangan (munfarid) :
  1) Mun poho atawa mang-mang na bacaan, kudu dibalikan deui atawa ngabenerkeun bacaanna.
  2) Mun poho atawa mang-mang na gerakan, kudu diteruskeun kira-kira mana anu leuwih pas kana hate.
  3) Mun poho atawa mang-mang na jumlah raka'at, pilih anu leuwih saeutik raka'atna.
  4) Sakabeh karaguan atawa poho ditutup ku Sujud Sahwi anu dikerjakeun saacan salam.

(b) Mun Sholat na berjama'ah :
  1) Mun si Imam salah na bacaan atawa na gerakan, si Ma'mum kudu mere nyaho ku 2 cara :
    (-) Mun Ma'mumna lalaki mere nyahona ku maca Subhanalloh (سبحان الله).
    (-) Mun Ma'mumna awewe mere nyahona ku ngeprokeun tonggong panangan.

Sujud Tilawah

سَجَدَ وَجْهِى لِلَّذِى خَلَقَهُ وَصَوَّرَهُ وَشَقَّ سَمْعَهُ وَبَصَرَهُ بِحَوْلِهِ وَقُوَّتِهِ فَتَبَارَكَ اللهُ أَحْسَنُ الْخَالِقِيْنَ

"Nyujudkeun wajah abdi ka Dzat anu ngadamel abdi jeung anu ngabentuk abdi, jeung anu nyababkeun ngadangu jeung ningali kana daya jeung kakuatan-Na. Mugi Alloh masihan berkah kalawan ku pang alus-alusna ciptaan".

Nyaeta sunat sujud lamun maca atawa ngadangu ayat Sajdah.

Cara ngerjakeunna :

Mun nguping atawa maca ayat sajdah nuju Sholat, kedah sujud sakali, teras nagtung deui neraskeun bacaa ayat sajdah neruskeun Sholat. Sujud jeung hudangna kedah nganggo takbir.

Jalmi anu ngama'mum kedah nurutan Imam anu keur sujud, teu kenging sujud nyalira. Oge teu kenging jalmi an nuju Sholat ngahaja maca ayat sajdah jang sujud tilawah. Mun ngerjakeun sujud tilawah diluar Sholat, mangka keda ngalakukeun syarat-syarat dihandap ieu :

1. Madep Kiblat.
2. Takbir make niat bade sujud tilawah.
3. Sujud kur sakali jeung carana sami saperti sujud dina kaayaan keur Sholat.
4. Balik deui diuk takbir bari maca takbir.
5. Maca salam saenggeus sujud.

Syarat Sujud Tilawah :

1. Suci tina sagala najis.
2. Nutupan orat.
3. Madep kiblat.
4. Lebet waktu sujud; artina dikerjakeun nalika ngadangu atawa nepikeun akhir ayat sajdah. Mun jalmi anu maca ayat sajdah eta teu sujud, jalmi anu ngadangukeunana ge teu kedah sujud.

AYAT-AYAT SAJDAH

Dina Al-Qur'an aya 14 ayat sajdah, nyaeta :

1.	Al-Ba'ad ayat 15	بِالْغُدُوِّ وَالْآصَالِ
2.	An-Nahl ayat 50	وَيَفْعَلُونَ مَا يُؤْمَرُونَ
3.	Bani Israil ayat 109	وَيَزِيدُهُمْ خُشُوعًا
4.	Maryam ayat 58	إِنَّ اللَّهَ يَفْعَلُ مَا يَشَاءُ
5.	Al-Haj ayat 77	لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ
6.	Al-haj ayat 18	خَرُّوا سُجَّدًا وَبُكِيًّا
7.	Al-Furqon ayat 60	وَزَادَهُمْ نُفُورًا
8.	An-Naml ayat 26	رَبُّ الْعَرْشِ الْعَظِيمِ
9.	At-Tanzil ayat 15	وَهُمْ لَا يَسْتَكْبِرُونَ
10.	Hamim Fushilat ayat 38	وَهُمْ لَا يَسْأَمُونَ
11.	Akhir surat An-Najm	فَاسْجُدُوا لِلَّهِ وَاعْبُدُوا
12	Al-Insyiqoq ayat 21	إِذَا قُرِئَ عَلَيْهِمُ الْقُرْآنُ لَا يَسْجُدُونَ
13.	Al-'Alaq diakhir surat	وَاسْجُدْ وَاقْتَرِبْ
14.	Al-A'rof diakhir surat	وَيُسَبِّحُونَهُ وَلَهُ يَسْجُدُونَ

I'tikaf

I'tikaf nyaeta cicing di Masjid sebagai ibadah anu disunatkeun kanggo dikerjakeun tiap waktu, terutami dina bulan romadlon, khususna dina poean sapuluh anu akhir kanggo ngahareupkeun kana turunna *Lailatul qodar*.

Cara I'tikaf :

1. Niat I'tikaf.
   " Abdi niat I'tikaf karana Alloh Ta'ala " نَوَيْتُ الاِعْتِكَافَ لِلّٰهِ تَعَالَى
2. Cicing di jero Masjid ngalobakeun dikir, takafur, maca du'a, tasbih, jeung diutamakeun ngalobakeun maca Al-Qur'an.
3. Ngahindarkeun tina sagala pagawean anu euweuh gunana.

Rukun I'tikaf :

1. Niat.
2. Cicing di jero masjid.
3. Di Masjid cicingna.
4. Islam jeung suci tina hadats jeung najis.

Nu ngabatalkeun I'tikaf :

1. Kaluar ti Masjid kalawan teu aya kaperluan anu penting kanggo I'tikaf.
2. Cacampuran jeung pamajikan (oge sabalikna) atawa mubasyaroh.
3. Murtad.
4. Leungit akal karana gelo atawa mabok.
5. Datang haid (men) atawa nifas (kanggo istri) jeung sakabeh anu matak ngadangkeun kana hadats gede.

Sujud Sukur

Sujud sukur nyaeta sujud anu dikerjakeun diwaktu urang kenging kani'matan nu gede ti Gusti Alloh atawa nalika kahindar tina bahaya. Syarat sujud sukur sami sareng sujud tilawah.

الورد بعد الصلاة

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيمِ

أَسْتَغْفِرُ اللهَ العَظِيمَ لِي وَلِوَالِدَيَّ وَلِأَصْحَابِ الحُقُوقِ الوَاجِبَةِ عَلَيَّ وَلِمَشَايِخِنَا وَلِإِخْوَانِنَا وَلِجَمِيعِ المُؤْمِنِينَ وَالمُؤْمِنَاتِ وَالمُسْلِمِينَ وَالمُسْلِمَاتِ الأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالأَمْوَاتِ ⁂ (٣ كالي) لَا إِلٰهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ لَهُ المُلْكُ وَلَهُ الحَمْدُ يُحْيِي وَيُمِيتُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ⁂ (٣ كالي) اللَّهُمَّ أَنْتَ السَّلَامُ وَمِنْكَ السَّلَامُ وَإِلَيْكَ يَعُودُ السَّلَامُ فَحَيِّنَا رَبَّنَا بِالسَّلَامِ وَأَدْخِلْنَا الجَنَّةَ دَارَ السَّلَامِ تَبَارَكْتَ رَبَّنَا وَتَعَالَيْتَ يَا ذَا الجَلَالِ وَالإِكْرَامِ اللَّهُمَّ لَا مَانِعَ لِمَا أَعْطَيْتَ وَلَا مُعْطِيَ لِمَا مَنَعْتَ وَلَا رَادَّ لِمَا قَضَيْتَ وَلَا يَنْفَعُ ذَا الجَدِّ مِنْكَ الجَدُّ أَعُوذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ ⁂ بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيمِ الحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ العَالَمِينَ . الرَّحْمٰنِ الرَّحِيمِ . مَالِكِ يَوْمِ الدِّينِ . إِيَّاكَ نَعْبُدُ وَإِيَّاكَ نَسْتَعِينُ . اِهْدِنَا الصِّرَاطَ المُسْتَقِيمَ . صِرَاطَ الَّذِينَ أَنْعَمْتَ عَلَيْهِمْ غَيْرِ المَغْضُوبِ عَلَيْهِمْ وَلَا الضَّالِّينَ . وَإِلٰهُكُمْ إِلٰهٌ وَاحِدٌ لَا إِلٰهَ إِلَّا هُوَ الرَّحْمٰنُ الرَّحِيمُ اللهُ لَا إِلٰهَ إِلَّا هُوَ الحَيُّ القَيُّومُ لَا تَأْخُذُهُ سِنَةٌ وَلَا نَوْمٌ لَهُ مَا فِي السَّمٰوَاتِ وَمَا فِي الأَرْضِ مَنْ ذَا الَّذِي يَشْفَعُ عِنْدَهُ إِلَّا بِإِذْنِهِ يَعْلَمُ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ وَلَا يُحِيطُونَ بِشَيْءٍ مِنْ عِلْمِهِ إِلَّا بِمَا شَاءَ وَسِعَ كُرْسِيُّهُ السَّمٰوَاتِ وَالأَرْضَ وَلَا يَؤُودُهُ حِفْظُهُمَا وَهُوَ العَلِيُّ العَظِيمُ ⁂ لِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوَاتِ وَمَا فِي الأَرْضِ وَإِنْ

تُبْدُوا مَا فِي أَنْفُسِكُمْ أَوْ تُخْفُوهُ يُحَاسِبْكُمْ بِهِ اللَّهُ فَيَغْفِرُ لِمَنْ يَشَاءُ وَيُعَذِّبُ مَنْ يَشَاءُ
وَاللَّهُ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ آمَنَ الرَّسُولُ بِمَا أُنْزِلَ إِلَيْهِ مِنْ رَبِّهِ وَالْمُؤْمِنُونَ
كُلٌّ آمَنَ بِاللَّهِ وَمَلَائِكَتِهِ وَكُتُبِهِ وَرُسُلِهِ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ أَحَدٍ مِنْ رُسُلِهِ
وَقَالُوا سَمِعْنَا وَأَطَعْنَا غُفْرَانَكَ رَبَّنَا وَإِلَيْكَ الْمَصِيرُ لَا يُكَلِّفُ اللَّهُ نَفْسًا إِلَّا
وُسْعَهَا لَهَا مَا كَسَبَتْ وَعَلَيْهَا مَا اكْتَسَبَتْ رَبَّنَا لَا تُؤَاخِذْنَا إِنْ نَسِينَا
أَوْ أَخْطَأْنَا رَبَّنَا وَلَا تَحْمِلْ عَلَيْنَا إِصْرًا كَمَا حَمَلْتَهُ عَلَى الَّذِينَ مِنْ قَبْلِنَا
رَبَّنَا وَلَا تُحَمِّلْنَا مَا لَا طَاقَةَ لَنَا بِهِ وَاعْفُ عَنَّا وَاغْفِرْ لَنَا وَارْحَمْنَا أَنْتَ مَوْلَانَا
فَانْصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ الْكَافِرِينَ ؞ شَهِدَ اللَّهُ أَنَّهُ لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ وَالْمَلَائِكَةُ
وَأُولُو الْعِلْمِ قَائِمًا بِالْقِسْطِ لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ؞ إِنَّ الدِّينَ عِنْدَ اللَّهِ
الْإِسْلَامُ ؞ قُلِ اللَّهُمَّ مَالِكَ الْمُلْكِ تُؤْتِي الْمُلْكَ مَنْ تَشَاءُ وَتَنْزِعُ الْمُلْكَ
مِمَّنْ تَشَاءُ وَتُعِزُّ مَنْ تَشَاءُ وَتُذِلُّ مَنْ تَشَاءُ بِيَدِكَ الْخَيْرُ إِنَّكَ عَلَى كُلِّ
شَيْءٍ قَدِيرٌ ؞ تُولِجُ اللَّيْلَ فِي النَّهَارِ وَتُولِجُ النَّهَارَ فِي اللَّيْلِ وَتُخْرِجُ الْحَيَّ
مِنَ الْمَيِّتِ وَتُخْرِجُ الْمَيِّتَ مِنَ الْحَيِّ وَتَرْزُقُ مَنْ تَشَاءُ بِغَيْرِ حِسَابٍ ؞ إِلٰهِي
يَا رَبِّ يَا سَيِّدَنَا أَنْتَ مَوْلَانَا سُبْحَانَ اللَّهِ . (٣٣ كالى) سُبْحَانَ اللَّهِ الْعَظِيمِ
وَبِحَمْدِهِ دَائِمًا أَبَدًا الْحَمْدُ لِلَّهِ . (٣٣ كالى) الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ
عَلَى كُلِّ حَالٍ وَلِكُلِّ نِعْمَةٍ اللَّهُ أَكْبَرُ . (٣٣ كالى) اللَّهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ
كَثِيرًا وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا لَا إِلَٰهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ
لَهُ لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ يُحْيِي وَيُمِيتُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ . حَسْبُنَا اللَّهُ
وَنِعْمَ الْوَكِيلُ لَا حَوْلَ وَلَا قُوَّةَ إِلَّا بِاللَّهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيمِ ؞ أَسْتَغْفِرُ اللَّهَ الْعَظِيمَ

٣ كالي الَّذِي لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّومُ وَأَتُوبُ إِلَيْهِ أَفْضَلُ الذِّكْرِ فَاعْلَمْ
أَنَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ حَيٌّ بَاقٍ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ حَيٌّ مَوْجُودٌ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ
حَيٌّ مَعْبُودٌ ∴ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ ∴ ٣ كالي لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ مُحَمَّدٌ
رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ كَلِمَةُ حَقٍّ عَلَيْهَا نَحْيَا وَعَلَيْهَا نَمُوتُ
وَبِهَا نُبْعَثُ إِنْ شَاءَ اللهُ تَعَالَى مِنَ الْآمِنِينَ بِرَحْمَةِ اللهِ وَكَرَامِهِ
جَزَى اللهُ عَنَّا سَيِّدَنَا وَنَبِيَّنَا مُحَمَّدًا صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ مَا هُوَ أَهْلُهُ
اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا وَحَبِيبِنَا وَشَفِيعِنَا وَمَوْلَانَا مُحَمَّدٍ
سَيِّدِ الْأَوَّلِينَ وَالْآخِرِينَ وَرَضِيَ اللهُ تَبَارَكَ وَتَعَالَى عَنْ كُلِّ سَادَاتِنَا
أَصْحَابِ رَسُولِ اللهِ أَجْمَعِينَ. آمِين. دُعَاءُ بَعْدَ الصَّلَاةِ ∴ الْحَمْدُ لِلّٰهِ
رَبِّ الْعَالَمِينَ حَمْدًا يُوَافِي نِعَمَهُ وَيُكَافِئُ مَزِيدَهُ يَا رَبَّنَا لَكَ الْحَمْدُ كَمَا
يَنْبَغِي لِجَلَالِ وَجْهِكَ الْكَرِيمِ وَعَظِيمِ سُلْطَانِكَ ∴ اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ
عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ صَلَاةً تُنْجِينَا بِهَا مِنْ جَمِيعِ الْأَهْوَالِ وَالْآفَاتِ
وَتَقْضِي لَنَا بِهَا جَمِيعَ الْحَاجَاتِ وَتُطَهِّرُنَا بِهَا مِنْ جَمِيعِ السَّيِّئَاتِ
وَتَرْفَعُنَا بِهَا عِنْدَكَ أَعْلَى الدَّرَجَاتِ وَتُبَلِّغُنَا بِهَا أَقْصَى الْغَايَاتِ مِنْ جَمِيعِ
الْخَيْرَاتِ فِي الْحَيَاةِ وَبَعْدَ الْمَمَاتِ. اللَّهُمَّ إِنَّا نَسْأَلُكَ سَلَامَةً فِي الدِّينِ
وَعَافِيَةً فِي الْجَسَدِ وَزِيَادَةً فِي الْعِلْمِ وَبَرَكَةً فِي الرِّزْقِ وَتَوْبَةً قَبْلَ الْمَوْتِ وَرَحْمَةً
عِنْدَ الْمَوْتِ وَمَغْفِرَةً بَعْدَ الْمَوْتِ. اللَّهُمَّ هَوِّنْ عَلَيْنَا فِي سَكَرَاتِ الْمَوْتِ
وَالنَّجَاةِ مِنَ النَّارِ وَالْعَفْوِ عِنْدَ الْحِسَابِ. اللَّهُمَّ افْتَحْ عَلَيْنَا أَبْوَابَ الْخَيْرِ
وَأَبْوَابَ الْبَرَكَةِ وَأَبْوَابَ النِّعْمَةِ وَأَبْوَابَ الرِّزْقِ وَأَبْوَابَ الْقُوَّةِ وَأَبْوَابَ

الصحة وابواب السلامة وابواب الجنة. اللهم عافنا من كل بلاء
الدنيا وعذاب الاخرة واصرف عنا بحق القرآن العظيم ونبيك الكريم
شر الدنيا وشر الاخرة غفر الله لنا ولهم برحمتك يا ارحم الراحمين.
اللهم ارزقنا متابعة النبي صلى الله عليه وسلم اولا واخرا وظاهرا
وباطنا وقولا وفعلا وطاعة وعبادة وعملا صالحا. اللهم احينا بحياة
العلماء وامتنا بموت الشهداء واحشرنا يوم القيامة في زمرة الاولياء
وادخلنا الجنة مع الانبياء. اللهم إنا نعوذ بك من علم لا ينفع وقلب
لا يخشع وعمل لا يرفع ودعاء لا يسمع. اللهم إنا نعوذ بك من الهم
والحزن ونعوذ بك من العجز والكسل ونعوذ بك من الجبن
والبخل ونعوذ بك من غلبة الدين وقهر الرجال. ربنا لا تزغ قلوبنا
بعد إذ هديتنا وهب لنا من لدنك رحمة إنك انت الوهاب. اللهم
امتنا على دين الاسلام وتوفنا مع الابرار واختم لنا بالإيمان والاسلام
ربنا اتنا في الدنيا حسنة وفي الاخرة حسنة وقنا عذاب النار. وصلى الله
على سيدنا محمد وعلى اله وصحبه اجمعين. سبحان ربك رب العزة
عما يصفون وسلام على المرسلين والحمد لله رب العالمين
الفاتحة. اعوذ بالله من الشيطان الرجيم. بسم الله الرحمن الرحيم
الحمد لله رب العالمين. الرحمن الرحيم. مالك يوم الدين. إياك نعبد
وإياك نستعين. اهدنا الصراط المستقيم. صراط الذين انعمت عليهم
غير المغضوب عليهم ولا الضالين. امين. استغفر الله العظيم الذي

لَا إِلٰهَ إِلَّا هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّومُ وَأَتُوبُ إِلَيْهِ. (٣ كالى) أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلٰهَ إِلَّا اللّٰهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ إِلٰهًا وَاحِدًا وَرَبًّا شَاهِدًا لَا مَعْبُودَ سِوَاهُ وَنَحْنُ لَهُ الْمُسْلِمُونَ أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلٰهَ إِلَّا اللّٰهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ إِلٰهًا وَاحِدًا وَرَبًّا شَاهِدًا لَا مَعْبُودَ سِوَاهُ وَنَحْنُ لَهُ عَابِدُونَ أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلٰهَ إِلَّا اللّٰهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ إِلٰهًا وَاحِدًا وَرَبًّا شَاهِدًا لَا مَعْبُودَ سِوَاهُ وَنَحْنُ لَهُ مُخْلِصُونَ وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا وَنَبِيَّنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ إِلَى حَضْرَةِ النَّبِيِّ الْمُصْطَفَى مُحَمَّدٍ صَلَّى اللّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ الْكِرَامِ

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيمِ

هُوَ الْحَبِيبُ الَّذِي تُرْجَى شَفَاعَتُهُ ﴿﴾ لِكُلِّ هَوْلٍ مِنَ الْأَهْوَالِ مُقْتَحِمِ
مَوْلَايَ صَلِّ وَسَلِّمْ دَائِمًا أَبَدًا ﴿﴾ عَلَى حَبِيبِكَ خَيْرِ الْخَلْقِ كُلِّهِمِ
يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ ﴿﴾ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ فَرِّجْ عَلَى الْمُسْلِمِينَ
يَا قَوِيُّ يَا مَتِينُ إِكْفِ شَرَّ الظَّالِمِينَ ﴿﴾ يَا أَمَانَ الْخَائِفِينَ غِثْنَا مِمَّنْ غَاعٍ
إِنَّا نَسْتَغْفِرُكَ إِنَّكَ كُنْتَ غَفَّارًا ﴿﴾ فَأَرْسِلِ السَّمَاءَ عَلَيْنَا مِدْرَارًا

اَللّٰهُمَّ صَلِّ صَلَاةً كَامِلَةً وَسَلِّمْ سَلَامًا تَامًّا عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ الَّذِي تَنْحَلُّ بِهِ الْعُقَدُ وَتَنْفَرِجُ بِهِ الْكُرَبُ وَتُقْضٰى بِهِ الْحَوَائِجُ وَتُنَالُ بِهِ الرَّغَائِبُ وَحُسْنُ الْخَوَاتِمِ وَيُسْتَسْقَى الْغَمَامُ بِوَجْهِهِ الْكَرِيمِ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ فِي كُلِّ لَمْحَةٍ وَنَفَسٍ بِعَدَدِ كُلِّ مَعْلُومٍ لَكَ

إلهي لست للفردوس أهلا ⁝ ولا أقوى على نار الجحيم

فهب لي توبة واغفر ذنوبي ⁝ فإنك غافر الذنب العظيم

إلهي عبدك العاصي أتاك ⁝ مقرا بالذنوب وقد دعاك

فإن تغفر فأنت لذاك أهل ⁝ وإن تطرد فمن يرجو سواك

ذنوبي مثل أعداد الرمال ⁝ فهب لي توبة يا ذا الجلال

وعمري ناقص في كل يوم ⁝ وذنبي زائد كيف احتمالي

لا إله إلا الله ⁝ محمد رسول الله

لا إله إلا الله ⁝ محمد رسول الله

ما لنا رب سواه ⁝ ولا معبود سواه

وسعينا في هدى هدى ⁝ من أجل منتهى رضاه

وسعينا في هدى هدى ⁝ من أجل منتهى رضاه

يا رب بالمصطفى ⁝ بلغ مقاصدنا

واغفر لنا ما مضى ⁝ يا واسع الكرم

صلى الله على النبي ⁝ أحمد النبي الأمين

وآله المقربين ⁝ وصحبه والتابعين

رب هب لي حكما وألحقني بالصالحين واجعل لي لسان صدق في الآخرين

محمد رضوان غزالي

PANUTUPAN

Alhamdulillah kalawan rasa syukur ka hadirat Alloh SWT jeung kalawan rahmat jeung inayah-Na Risalah Rarakatan Sholat jilid kadua parantos rampung. Jilid kadua benteun sareng anu kahiji, kumargi aya perbaikan sareng panambihan-panambihan; misalna wudlu jst.

Abdi ngahaturkeun sewu nuhun ka Almukarom Sesepuh Majlis Ta'lim Ar-Rizqi Cipasung anu tos masihan kata sambutanna, oge ngahaturkeun nuhun ka Almukarom Ketua Yayasan Pondok Pesantren Cipasung anu tos ngalereskeun ieu Risalah tina kasalahan, oge ka Ibu Rama abdi anu tos ngarojong kana kasuksesan Abdi dina nyusun ieu Risalah, oge teu hilap ka Kang Aa, Om Gino, Aldo, & **PPHU** anu tos ngabantos dina ngadamel ieu Risalah.

Ka para Ulama atanapi para Ahli anu wijaksana penyusun ngaharepkeun pisan nasehat sareng mau'idohna kanggo kasaean sareng kaleresan ieu Risalah kanggo salajengna. Abdi nyuhunkeun dihapunten upami aya kalepatan deui., ari kalepatan ieu mah tina kabodoan abdi, ari anu leres eta mah hidayah sareng taufiq ti Gusti Alloh.

Mugi pahala sareng barokah ngadamel ieu Risalah dihaturkeun ka Ibu Rama abdi; Amiin, Oge mugi buku ieu aya manfa'atna kanggo anu gaduhna atawa anu macana, terutami kanggo anu nyusunna. Ka Gusti Alloh Subhanahu Wata'ala abdi nyuhunkeun taufiq & hidayah-Na, mugia usaha abdi ieu aya na tangtayungan karidloan Alloh.

Amiin.

Cipasung, 27 Jumadil Ula 1422 Hijriyah / 17 Agustus 2001 Masehi

Nu Nyusun

Muhammad Rizqi R.

DAFTAR PUSTAKA

Aa Rahmadin, Drs. Agus R. W, Drs. Machtum Chaerani, BA. Adad Iskandar, S.Ag. Sulaeman, Drs, **Tadzkirot**, *Umega*, PonPes Cipasung, 1998 M / 1419 H.

Imam Al-'Alam Al-Fadhl Salim bin Samier Al-Hudry, **Safinatun Naja**, *Maktabah wamatba'ah Putra*, Semarang, --.

Imam Bashori Assayuthi, **Bimbingan Sholat**, *Mitra Umat*,-, 1998 M / 1419 H.

Minan Zuhri, **Tuntunan Sholat**, *Menara Kudus*, Kudus, 1956 M / 1375 H.

Moh. Rifa'i, Drs, **Kumpulan Sholat Sunat**, *CV. Toha Putra*, Semarang, 1976 M / 1396 H.

Sayid 'Abdurrohman bin Saqof bin Hasin As-Saqof, **Durusul Fiqhiyah 2**, *Maktabah Sayid Salim bin Sa'id bin Nabhan*,-,-.



Iq's Production